

Jigéén Soppal Te Bul Wóólu

[Am na kuy fëgg ci bunt bi]

Jibril: *Oui!* Ah Binta!

Binta: Salaam maaleykum!

Jibril: Nu mu deme?

Binta: *Ça va.*

Jibril: Gëj naa la gis.

Binta: Maa ngi fi.

Jibril: *Prenez place.* Toogal.

Binta: Dama xaw a yàkkamti.

Jibril: *Mais toogal, bu dee une minute sax.*

Binta: *Non,* damay dem. Awma toogaay.

Jibril: Ah *bon!*

Binta: Waaw. Dama fi ñówoon puur xamal la ñaari mbir. Ñów nga sama *cyber*. Wax naa la li ma lay wax, déggoo.

Xam nga lu ma la bëgg a xamal! Sama kér, bu fa ñówati! Bul ma woowati! Bu ma rombatí ci mbedd mi ba nga piis ma.

Est-ce que yaa ngi dégg li ma lay wax bu baax?

Jibril: *Non!* Déglul, déglu ma, déglu ma.

Binta: Waxal!

Jibril: Jarul nga ñów fii naan sama kér, sama *cyber*, nangam ak nangam.

Mais cyber bi ngay ndamoo yow, c'est moi! Yow, man maa la defal loolu.

Mais financement boobu si kan la jôge? Sama poos la jôge, sama xaalis la!

Binta: Sama ligééyu ndey la!

Sa xaalis! Sa xaalis woon!

Jibril: *Tu me dis* sama ligééyu ndey!

Binta: Xam nga li ma la bëgg?...

Jibril: Bi ma kay ñàq, sa ndey yégul ah! *Tu me dis* sama liggééyu ndey la!

Binta: Xoolal, *l'essentiel* mooy jàll na. Xam nga lu ma la bëgg a xamal? Sa tur la nekkoon, xawma. Sama tur la nekk. Maa ka moom.

Bu ma woowati, bu ma woo, yég nga si li ma lay wax?

Jibril: Yow, nga yaakaar ne loolu mën na yombe noonu ?

Binta: Bañ a yomb!

Jibril: *Mais* yow doo gor sax! Yow doo gor. Yow li nga doon wax fii nii ana moom? Yaay sama nangam, yaay sama nangam...

Binta: Du danga ñàkk fayida!

Jibril: ... Bu dul yow, duma sëy.

Binta: Bâyyi sa *sœur* sa kér, ñów jox ma ka. Xoolal, dama kay *gérer* ba mu mat! Defar ba mu baax! Yow nak, xoolal, bu ma woowati. Yaa ngiy dégg? Sama *numéro* laa bëgg nga *supprimer* ko sa *portable*. Foofu rekk laa amoon lu may wax ak yow. Te foofu laay yem!

Bu ma woowati de. Wax naa la ko!

Jibril: Yow, li ngay wax dafa yomb ah?

Binta: Xoolal! Bu ma sonnal waay.

Jibril: *Mais non, non! C'est pas possible. Non ménul a deme noonu.*

Mais non! Dafa yomb waay!

Sëtëtëtë!! Mais, boy yi ñoo baadoolo dëgg-dëgg, dëgg-dëgg!

Mais dangay xëy benn jour mu tàkkal la ay pot, ñów sa kér, naan la nangam dugg na fii génn na fii, bàyyi ma. Mu yombe noonu!

Valeuru trois mil — xoolal, je sais plus quoi dire, valeuru trente millions de francs nga financer ko si moom, un jour mu xëy ne la bàyyi ma mu yem fi. Mais man, maa ko def, je suis con! Nan ngay jëlee xaalis di ka joxe koo xamante ne amul benn trace, amul benn signature, amul benn kii, ma di ci dugg?

Mais lépp ménul a yombe noonu quoi, quand même! Ménul a yombe noonu!

Attends! Il faut que ma jël benn kaasu kafe parce que ménul a yombe noonu. C'est facile!

[Am na kuy fëgg ci bunt bi]

Jibril: *Oui, entrez! Yegsil. Maa ngi ci cuisine bi, maa ngi ci waañ wi, yegsil.*

Tagati: *Salaam maaleykum!*

Jibril: *Aleykum Salaam!*

Tagati: *Grand frère!*

Jibril: *Tagati.*

Tagati: *Ba ci cuisine bi rekk!*

Jibril: *Waaw, gis nga boog, xam nga rekk.*

Tagati: *Kafe ngay naan de!*

Jibril: *Xam nga bu heure bii fekkoon ma am ku ma ko defaral, duma sonn nii yépp.*

Tagati: *Xam nga ko sax.*

- Jibril:** *Alors, nu mu deme? Gëj naa la gis.*
- Tagati:** *Ça va, nàmm naa la de.*
- Jibril:** Maa la raw.
- Tagati:** Ci loo nekk?
- Jibril:** Maa ngi nii rekk, nekkuma si dara.
- Tagati:** Lu tax?
- Jibril:** Man sax bëggoon naa fa ñów mais *par occasion*, mën nanu ci waxtaan *parce que* dama la soxlawoon sax.
- Tagati:** Déédéét! Jàmm la? Lu xew?
- Jibril:** *Parce que depuis* boobu ba tey... Waaw maa ngiy jéggalu nak balaa may wax. Maa ngiy jéggalu *parce que* xam naa na ne def naa *erreur*.
- Tagati:** Mbaa du jàmm?
- Jibril:** *Parce que, comme ci financement* bu nga ma doon wax noonu, bi ñu waxantewoon... ma defoon ci loolu, dellusi ñówaat, waaye maa ngi ciy jéggalu, *parce que* tey jii indil na ma *problème* bu rëy.
- Tey maa ngi nii, fi may waxe ak yow nii nii nii nii, ligééyatuma. Suñu *société* dañu ma ... kii, dàq.
- Tagati:** Lan moo tax?
- Jibril:** *Parce que* dama jëloon *financement* bi. Dama defoon foofu kiis boo xamante ne ni, si ma ko jëloon *directement* si *caisse* bi. *Tu sais que* man *comptable* laa. *Donc* ma ko jël *directement sans aviser personne, ni rien.*
- Yaakaaroon naa dinaa ko mën a fey balaa tuy kii [feeñ]. *Malheureusement, commissaire aux comptes* bi dafa fa jaar. *Bon, bi mu fa jaaree, mu vérifier affaire bi mu manqué.*

Et puis man rekk maa fa kiiwoon, maa nekkoon koo xamante ne ni, maa am *accès* foofu.
Mu laaj ma, *et puis* ma wax ko dëgg bi *quoi*.

Tagati: Waaw, foo duggal xaalis bi ba pare...

Jibril: Moom laa def *financement* bi.

Tagati: Aah Coom! Lii bu la dalul woon rekk ma xare. Wax suba, wax ngoon, wax guddi. Nga ne déédéét!

Pourtant projet boobu de, sama xaalis la woon, mu doon *trente millions*, nga ne ma fi ñukk, jox ko keneen. Binta muy jigéén. *Pourtant* kooku jigéén la Coom! Man mii jigéén laa! Lu mu mën, mën naa lu ko raw. Wànte, xooloo ci lenn, naan danga ko bëgg!

Yow! Kooku nga def jabar? Kooku du jabar. Yow, xam nga lenn nga xamul woon mooy lan? Xale yu jigéén yi léégi nii, seen xol yi dañu ko *photocopier*, dénc *original*, jox la *faux*. Yow, kii *faux* la la joxoon!

Jibril: Wax nga dëgg. Wax nga dëgg. Man kaay fu ma nekk nii, xawma sax lan laa war a def.

Dama newoon damay ñów kér gi gis *mère* bi, mais fi mu nekk nii rus naa sax ñów kér ga fu ma nekk nii.

Tagati: *Il faut que* nga ñów !

Jibril: *Mais* kooku, *mais* Aysatu jaam la, dafa maa *trahir*! Maa ngiy juum sax naan Aysatu!

Tagati: Xamoon nga ne dina la dal. Gis nga “jigéén –

Jibril: Binet –

– soppal te bul wóólu”. Gis nga kii, danga ka wóóluwoon te nga sopp ko bay bëgg a dee.

Xamoon nga ne lii dina la dal.

Tagati: *C'est vrai. Mais* nak dama lay xamal lenn, mooy “bët li koy fatt du ko gis. Te du ko mësa gis”.

Tagati: Yow, de fàttu nga!

Jibril: Fàttu naa nak ! *Mais*, na xam ne du rees mukk, te du yombe noonu.

Tagati: *Mais* lan moo tax?

Jibril: *Mais* sama xaalis la! *Tu me dis* lan moo tax, sama xaalis la!

Tagati: Yaa ko ko may. Man sax maa ngiy dem sax, yaa ngiy tàngal sama xol.

Jibril: *OK*, nuyul ma *mère* bi.

Tagati: Ñówal, ngeen waxtaan. Man, maa ngi nii awma suukar ak kafe. Boo ñówee, ngeen uti *solution* yeen ñaar.

Jibril: Waaw *OK*, Dinaa fa ñów. Baal ma ci gunge bi.

Tagati: Waaw, *OK*.

Jibril: *OK merci.*